**Pou Piblikasyon Imedya:** 27/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA MAMDANI ANONSE 8.4 MILYON DOLA POU TRANSFÒME SEPARATÈ AN BETON NAN MITAN WOUT YO POU TOUNEN ENFRASTRIKTI POU ANPECHE INONDASYON NAN QUEENS

***Nouvo espas vèt nan Whitestone, Forest Hills ak Queens Village pral kapte yon total senk milyon galon dlo lapli chak ane***

***Pwojè yo pral ede soulaje presyon, ogmante kapasite egou yo ak amelyore kalite dlo nan kouran dlo lokal yo***

***Reprezantasyon grafik yo disponib isit la***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Zohran Kwame Mamdani te anonse yon envestisman 8.4 milyon dola nan enfrastrikti pou rezistans kont inondasyon, pou transfòme separatè beton ki nan mitan wout nan Whitestone, Forest Hills ak Queens Village pou tounen enfrastrikti vèt ki aji tankou "eponj" ki pral absòbe dlo lapli epi anpeche inondasyon akoz move tan ekstrèm. An total, yo prevwa nouvo espas amenaje sa yo nan Queens pral kapte anviwon senk milyon galon dlo lapli chak ane, soulaje presyon sou sistèm egou a epi amelyore kalite dlo nan kouran dlo lokal yo, tankou East River, Flushing Bay ak Jamaica Bay.

"Piske inondasyon toudenkou ap vin pi nòmal akoz move tan ekstrèm ki gen rapò ak klima k ap chanje a, li enpòtan anpil pou nou fè tout sa nou kapab pou pwoteje kominote nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Isit la nan Nouyòk, n ap mete solisyon inovatè an plas pou ranfòse enfrastrikti nou epi pwoteje kominote nou yo pi byen. Lè nou travay avèk Majistra Mamdani ak Vil Nouyòk, pwojè enfrastrikti vèt esansyèl sa yo pral ede rann Whitestone, Forest Hills ak Queens Village pi rezistan ak pi an sekirite."

**Majistra Zohran Kwame Mamdani te deklare,** "Chanjman klimatik ap lakòz gwo lapli ki pi entans ak enprevizib, epi si nou pa pran mezi, tanpèt sa yo ap kontinye depase kapasite sistèm egou Vil Nouyòk la. Pwojè separatè vèt 8.4 milyon dola sa a abòde pwoblèm nan avèk yon enfrastrikti ki bon pou anviwònman nou ak katye nou yo. Lè nou plante espès natif natal ak flè sovaj pa anlè yon rezo depo dlo lapli anba tè, nou pral kapte senk milyon galon dlo lapli chak ane, soulaje presyon sou sistèm egou nou an epi pwoteje Nouyòkè yo. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak patnè eta nou yo dèske yo envesti nan enfrastrikti rezistan ki pwoteje Nouyòkè yo pandan l ap rann vil nou an pi vèt ak pi bèl."

Pwojè yo finanse an pati grasa sibvansyon Eta Nouyòk ki totalize 5 milyon dola, atravè Pwogram Sibvansyon pou Inovasyon Vèt (Green Innovation Grant Program), Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation) ap administre, ak Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project), Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk ap sipèvize.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC) Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare,** "DEC fyè pou li fè patenarya avèk Majistra Mamdani ak patnè nou yo nan vil la ak nan eta a sou estrateji pou ede diminye inondasyon epi amelyore kominote yo nan Queens. Grasa envestisman san parèy Gouvènè Kathy Hochul fè nan enfrastrikti vèt ak lòt amelyorasyon kalite dlo, DEC kapab ede soutni inisyativ Vil la ak minisipalite toupatou nan eta a ap dirije yo, lè li ba yo resous yo bezwen pou mete pwojè enpòtan pou jesyon dlo lapli an plas, tankou nouvo koridò vèt sa yo ki pral pote anpil benefis pou Queens Village, Whitestone ak Forest Hills."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta Nouyòk la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap envesti nan solisyon ki pratik menm jan yo inovatè. Sibvansyon 5 milyon dola pou pwojè sa yo nan Queens pral transfòme separatè beton nan mitan wout yo pou tounen "eponj" vèt ki kapab absòbe plizyè milyon galon dlo lapli, diminye risk inondasyon epi pwoteje Nouyòkè yo. Lè Eta a soutni pwojè ki travay avèk lanati pou jere move tan grav, l ap ede Vil Nouyòk ranfòse rezistans li pandan l ap diminye depans pou moun ki peye pou sèvis yo."

**Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) Vil Nouyòk la, Lisa F. Garcia, te deklare,** "Chanjman klimatik ap transfòme mond nou an, epi an retou, nou bezwen transfòme enfrastrikti vil nou an. Lè nou ranplase beton di avèk peyizaj vivan, nou pa sèlman jere dlo lapli, men n ap reyimajine tou sa lari nou yo kapab ye. Gwo separatè sa yo pral tounen koridò vèt ki plen lavi epi k ap absòbe plizyè milyon galon dlo lapli chak ane. Se konsa nou transfòme espas òdinè an solisyon inovatè pou inondasyon ki pwoteje kominote yo epi anbeli katye yo anmenmtan."

**Komisè Depatman Transpò Vil Nouyòk la, Mike Flynn, te deklare**, "Separatè beton nan mitan wout ede amelyore sekirite lè yo fè li pi fasil pou pyeton travèse lari a epi lè yo òganize sikilasyon an pi byen — men yo kapab jwe yon wòl enpòtan tou pou pwoteje vil nou an kont danje move tan ekstrèm ak inondasyon. Piske Vil Nouyòk ap sibi deplizanpli plis tanpèt lapli entans akoz chanjman klimatik, kounye a plis pase sa te janm ye anvan, li enpòtan anpil pou nou amelyore ak repanse enfrastrikti nou pou pwoteje Nouyòkè yo kont menas anviwònmantal k ap ogmante yo."

Travay la pral retire ansyen separatè beton yo ak bòdi twotwa yo, epi li pral netwaye pyebwa ki anvayi zòn nan oswa ki mouri, move zèb ak debri ki akimile. Pou asire dlo a koule antre nan separatè yo, yo pral bati nouvo ouvèti antre pou fè dlo a kite lari yo epi

ale dirèkteman nan zòn ki plante yo. Konstriksyon an gen ladan enstalasyon tè espesyalman prepare ak sistèm depo anba tè ki fèt pou absòbe dlo lapli.

Amenajman peyizaj la pral transfòme espas sa yo an koridò vèt ki plante avèk espès natif natal, ti pyebwa, zèb ak flè sovaj. Ansanm, amelyorasyon sa yo pral rafrechi ak anbeli lari yo pandan y ap bay katye ki ozalantou yo pi bon pwoteksyon kont inondasyon. Pwojè yo ap pote tou amelyorasyon nan peyizaj la ki anbeli katye a, pandan y ap amelyore sekirite pyeton avèk ranp ki konfòm ak ADA ak sifas avètisman ki fasil pou detekte.

**Whitestone:** Francis Lewis Boulevard, ant 20th Avenue ak 21st Road
Separatè ki sou Francis Lewis Boulevard yo, ki prèske fini kounye a, gen yon longè 337 mèt (1,105 pye) epi yo kapte dlo k ap koule soti nan yon zòn drenaj 0.47 ekta tè. Yo pral jere 1.11 milyon galon dlo lapli chak ane, sa k ap diminye debòdman egou konbine (Combined Sewer Overflows, CSO) nan East River.

**Forest Hills:** Union Turnpike, ant Metropolitan Avenue ak 71st Road
Yo prevwa plante separatè Union Turnpike yo otòn sa a, yo gen yon longè 989 mèt (3,245 pye) epi yo resevwa dlo ki soti nan yon zòn drenaj 1 ekta tè. Yo fèt pou jere 2.43 milyon galon dlo lapli chak ane, soulaje presyon sou sistèm nan epi anpeche CSO nan Flushing Bay.

**Queens Village:** Springfield Boulevard, ant Lucas Street ak Merrick Boulevard
Konstriksyon separatè ki sou Springfield Boulevard yo, yo prevwa k ap kòmanse pita ane sa a, pral ajoute 360 mèt (1,182 pye) enfrastrikti vèt ki konekte ak yon zòn drenaj 0.61 ekta tè. Amelyorasyon sa yo pral jere 1.44 milyon galon dlo lapli chak ane epi ede limite CSO nan Jamaica Bay.

Tout travay la te kowòdone nan tèt kole avèk Depatman Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation, NYC DOT) ak NYC Parks.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.